
ISSN 0207-6551
НУР
1
2020
6+



## Журналым и лэжьакIуэхэм къабгъэдэкIыу

Илъэсыщlэ дытехьащ, нур цlыкlухэ. ХъуэпсапIэхэр фиIэщ, дапщэщи хуэдэу. Фи насыпыр фэ езым фи Iэмыщlэ зэрилъыжыр фщlэрэ? Ар фи гугъуехькlэ псыхьауэ, фи Iэкlэ фlущlыжауэ щытын хуейщ. Абы щыхьэт тохъуэ мы еlуэкl кlэщlыр:

«Тхьэм ятlэ къищтэри цlыху къыхищlыкlащ. Зы Iыхьэ тlэкlу къелыжати, Тхьэр цlыхум еупщlащ:
– Сыт пхуэсщlын иджы?
– Насып.
Тхьэм зыри жимыlэу ятlэ Iэмыщlэр цlыхум и Iэгум ирилъхьащ».

Мы къыдэкlыгъуэм Iэщlагъэ зэхуэмыдэхэм гу лъыдотэ. Цlыху цlэрыlуэхэм, зи лэжьыгъэм щехъулlахэм я сабиигъуэ хъыбар къыдогъэlуэтэж. Гу лъыфтэ «Нурым» ику дыдэм дэт напэкlуэцlым. Ар рубрикэщlэу фэрэ дэрэ мы гъэм идогъажьэ. Фыкъыддэлажьэмэ, фи щlэныгъэм хэхъуэнущ, фехъулlэнущ, саугъэти къэфхьэхунущ.

Фи гурылъхэр бзыгъэу, фыгубзыгъэу,
фэ къыфлъыса щlыгум и къабзагъэр фхъумэу,
фыхъумауэ, фыдахэу, дахагъэр фи плъапlэу
Тхьэм фыкъытхуигъэхъу!





# ЩIЫЛЪЭР-АНЭЩ. АНЭР ДИ ГУЛЪЫТЭ ХУЭНЫКЪУЭЩ

*ЩIылъэ щхъуантIэрщ дызыпIыр цIыху псори – дызэрыбауэ хьэуар, дызэфэ псыр, тшхыр къыдиту. Махуэщlэ къэс дуней дахэм хэт щымыгуфIыкIыр? Нэхущ бзу цIыкIухэм я уэрэдыр хэт зыфIэмыфIыр е удз гъэгъар зыфIэмыдахэр? АтIэ, дэ куэд къытхэту пIэрэ ди дунейм и дахагъэм хуэсакъыу, щIылъэ-анэр дэтхэнэми гуIэгъуэнэкIэ къызэрыдэплъыр зыхищIэу?!.*

## Хыр ткIуэпс зырызу зэхохьэ, дунейр цIыху зырызу зэхэтщ.

Мы дунейм цIыхуу 7 655 957 369 тету математикхэм къабжащ. А бжыгъэр дэркIэ гурыIуэгъуэкъым, ауэ абы я къэбжыкIэ яIэжщ. АтIэ апхуэдиз цIыхум дащыщ къудейуэ арщ уэрэ сэри, дэ тщIэмрэ длэжьымрэ а къомым къахэмыщын ди гугъэщ. Ауэ дыщоуэ! Хыри ткIуэпс зырызу зэхэтщ, абы зы ткIуэпс закъуэ фIейуэ хэлъэдэху, хышхуэр нэхъ фIей хъууэрэ макIуэ.

## Псы къабзэр кIуэ пэтми мэкIуэщI.

Псыр псэм щIыпащIыр ар псэ зыIутымкIэ лъапIэIуэщи аращ. Псыращ дунейр езыр къызыхэхъукIар, щIы хъурейм и процент 71-р зыIыгъыр. Ди Iэпкълъэпкъым и процент 70-ри псыуэ зэхэтщ. Арыншэу дыпсэуфыну атIэ? Дыпсэуфынукъым псы къабзэ демыфэу, арщхьэкIэ псы къабзэр щIы хъурейм кIуэ пэтми нэхъ мащIэ щохъу.



## Уэрэ сэрэ щIылъэ-анэм дрибынщ. Быныращ анэм и гъащIэм къыпызыщэр.

Дэ куэд тхузэфIэкIынущ, мы хабзэ тIэкIухэр тхуэгъэзащIэмэ:

1. ПхъэнкIийр щимыдзыпхъэ щыхыфIэддзэкъым, машинэм здэкIуэм къиддзыркъым, зыгъэпсэ-хупIэ щIыпIэхэм къыщыднэркъым, псыхъуэхэм щиддзыркъым.
2. ЩIым хэмыкIуадэ, «хуэмыгъэткIун» пхъэнкIий *(кIэнфетыфэ, пластмасс, къэнжал птулъкIэ, псыпскъэп)* зыщIыпIэщыхыфIадзауэтлъагъумэ, зэщIыдокъуэрипхъэнкIиилъэмдохь. Ахэр хуабжьу шынагъуэщи, адрей пхъэнкIийхэм къызэрыхагъэкъэбзыкI, зэрызэхагъэткIухь машинэхэр ди къэралми щыIэ хъуащ!
3. Бжьамийхэм псыр нэхъ мащIэу къигъэж; псыутх щабэ пылъхьэ; ваннэм иумыгъэлъадэу псыутхкIэ зытегъэлъадэ; уи Iэм сабын щыщыпхуэкIэ е уи дзэр щыплъэщIкIэ, лейуэ къыумыгъэж.
4. Псым хуэдэу электрокъарури хъумэ. Iэмалыншэу умыгъаблэ, зыри иIуауэ къыумыгъанэ. Къару лей ешх, егъэс компьютерым, е зэрагъэхуэбэж хьэкум, «жейуэ» къэбгъанэмэ. Ахэр тыншу зэрагъэункIыфI Iэмалхэр *(розетки-пилоты)* щыIэщи, къэгъэсэбэп.

*Гузэвэгъуэ куэд къыщыхъуу хуежьащ мы дунейми, уэрэ дэрэ тхузэфIэкI дыгъащIэ.* (*Мы темэм иджыри пытщэнущ.*)

**ХЪУЭКIУЭН Фатимэ,**
КъБКъУ-м математикэ къудамэм и еджакIуэ.

# ЦIыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ

*Зи IэщIагъэм щехъулIа ди цIыху цIэрыIуэхэм я сабиигъуэ гукъэкIыжхэр щIэх-щIэхыурэ къытеддзэнущ журналым.*



## ЦРЫМ РУСЛАН, сурэтыщI

**Сурэт щIыным фIэкIа сызэхъуэпса щымыIэ...**

Зызэрысщ Iэжрэ сурэт щIыным сыдехьэх. Псыгуэнсу курыт еджапIэм дэ сурэт щIынымкIэ дерс драгъэIэтэкъым, нэхъ мыхьэнэ зиIэу къабж биологиемкIэ е есэпымкIэ зэрахъуэкIырти. Ар къэзухыху, сызэрылэн лэч къуэлэнхэри зэи сиIакъым, сурэтыщI зэи слъэгъуакъым, уеблэмэ музеи зэи сыщыIатэкъым, сурэт гуэрхэр щыслъагъун хуэдэу. Ауэ тхылъым иту сыкъызэджахэм си нэгу къыщIагъэувэр къэрэндащкIэ тесщIыкIыжырт, сурэт щIынри зэи зэпызгъэуртэкъым, ар сигуми зэи ихуртэкъым, сурэтыщI сызэрыхъун Iэмал лъэпкъ а зэманым симыIами.

НэгъуэщI IэщIагъэхэмкIэ сехъуэпсэкIауэ сэ зэи сымыщIэж: сурэтыщI сыхъуну сыхуейт! Сыхуеджащ. Псэм фIэфIыр зыщIыпIи пхуэхьынукъым. IэщIагъэ къыщыхэпхкIэ япэу гу зылъыптэн хуейр уигу ирихьырщ, адрей псор Iуэхукъым – сытми зебгъэсэжыфынущ.



## САРАЛЬП МАДИНЭ, дэрбзэр

**Адыгэ фащэр си хъуэпсапIэт...**

Илъэс пщыкIуплIым дэрбзэр сызэрыхъунур хьэкъыу спхыкIат. Абы и закъуэ! Сызэлэжьынури пыухыкIауэ адыгэ фащэр зэрыарар си дежкIэ IупщIт. Зэпымыууэ си нэгу къыщIэзгъэхьэрт IэщIагъэм теухуа си хъуэпсапIэхэр: лъэщапIэ унэшхуэ сиIэт, абы адыгэ фащэхэр щIэзу щIэтт, унэри цIыху екIуэлIапIэт...

Зэман дэкIауэ, а си нэгу къыщIэзгъэхьахэри нэхуапIэ хъужауэ, илъэс пщыкIущым си IэкIэ стха зы письмо къызэкъуехыж си шыпхъум, а зи гугъу сщIа псор иту. ХъуэпсапIэм и къарур инщ!

**ГукъэкIыж**

ГъащIэм зыри щхьэусыгъуэншэу къыщыхъуркъым. Си шыпхъум дэрэ илъэсиплIтху фIэкIа дымыхъуу ди анэм адыгэ фащэ зырыз тхуригъэдат. Ахэр щыттIэгъамэ, мыдэ псысэ дуней гуэрым дыкъыщыхутауэ къытфIэщIт. Сэ нэгъуэщIынэкIэ сыкъэзыухъуреихь псоми сеплъу щIэздзэт, хьэпшыпхэм мэгъу къару къахыхьауэ къысщыхъурт. Зи, фащэр си пкъым зэрислъхьэу псалъэкIэ пхуэмыIуэтэн щытыкIэ гуэрым сригъэувэрт. Дзэм къулыкъу щызыщIэнухэр здыIуашыр тпэгъунэгъути, зэшыпхъуитIым фащэр щыттIагъэт, удз гъэгъа Iэрамэшхуэхэр къэтщыпырти а щIалэ дашхэм яхуэддзырт. Кином щыщ теплъэгъуэ гуэр фIэкIа пщIэнтэкъым ар!

Мис апхуэдэурэ Iуданэ зырызу зэIущат си IэщIагъэм сызэрыхуэкIуа гъуэгур.

ХъуэпсапIэ уиIэмэ, еш жыхуаIэр умыщIэу утелажьэн хуейщ. Зыми зыри къихьу хьэзыру къуитынукъым. Гугъу зызыхуебгъэхьа Iуэхум укъигъафIэу уи гъащIэ псор пхьынущ.

## ДЖЭДУ АНИУАР, СПОРТСМЕН



**Iэщlагъэм сызэрыхуэкlуар**

Илъэсибл сыхъуу си къуэш нэхъыжьым япэ дыдэ бэнэкlэ хуитым щыхурагъасэм сишауэ щытащ. Абдеж спортыр си гъащlэм кууэ къыхэпщlащ, Iэщlыб сщlынуи зэи си пщlыхь къыхэхуакъым – сызыIэпишат. Спортыр узыхуейпщlыхь къыхэхуакъым – сызыIэпишат. Спортыр узыхуейузыхуэмейкlэ къоупщlыркъым – узэщlекъуэ, ипэкlэ уплъэу, къызэплъэкl уимыIэу, уджалэмэ – укъэтэджыжу ерыщ уещl. Ар си гъащlэщ, арщхьэкlэ спортым хэт цlыхур нэгъуэщl Iэщlагъэ гуэрми Iэмал имыIэу хуеджэн хуейуэ къызолъытэ. Зы Iэщlагъэкlэ сыкъэувыIакъым: Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш академиер, университетым юрист Iэщlагъэмкlэ къудамэр, Краснодар физкультурэмрэ спортымкlэ институтыр къэзухащ.

**Сигу къинэжар**

Сыщlалэ цlыкlуу спорт зэхьэзэхуэ гуэрым Къардэн Мурат *(а зэманым Олимп джэгум щытекlуагъащlэт)* и Iэщlэдзыр телъу тхылъ къызэрызитар зэи сигу ихужынукъым. Апхуэдизкlэ абы си дежкlэ мыхьэнэшхуэ иIэти, зы фlыгъуэ гуэр къызэуэлlауэ къысщыхъуат. Мис апхуэдэ Iуэхухэми уи хъуэпсапlэм хуиlэ къарур хегъахъуэ. Журналым еджэ цlыкlухэм вжесlэнуращ: фи хъуэпсапlэм фыхуэпэж! Абы мащlэ-мащlэурэ ухуэкlуэмэ, уимыкlуэтмэ, нэгъуэщl хэкlыпlэ щыIэкъым, ар къохъулlэн фlэкlа.

## БЭЧ АЗЭМЭТ, УЭРЭДЖЫIАКlУЭ

**Узэгугъур къогугъуж...**

Илъэсищ сызэрыхъурэ сехъуапсэрт нобэ сиlэ Iэщlагъэм. Сабий садым сызэрыкlуэрэ сыутыкуакlуэщ. Зэи сыхущlегъуэжыну си фlэщ хъуркъым. Уэрэд жыIэныр фlыуэ зэрыслъагъу къудеймкlэ зэфIэкlынукъым, ар къызгуроIуэри зэпымыууэ соджэ, зызоужь, си Iэщlагъэр згъэдэхэну сохъуапсэ. Уемышу узэлэжьыжмэ ехъулlэныгъи уи Iэщlагъэм щыбгъуэтынущ, цlыхуми ягу удыхьэнущ.



**Сабиигъуэ гукъэкlыж...**

Ущысабийм и деж дунейм нэхъ щхъуэкlэплъыкlэу уlуоплъэ, плъагъур гум нэсу зыхыбощlэ... Гукъинэж сщыхъупащ Абхъазым Блашэ Владимир дызэришауэ щытар. Япэу нэгъуэщl щlыпlэ сикъызэрыщыхутар артэкъым гукъинэр, атlэ абы щытлъэгъуахэм сызыхаша балигъ гупсысэхэрат. АбыкIэ зауэр зэриухрэ куэди щlатэкъым, дэ тхуэдэ цlыкlухэм я унагъуэхэм хьэщlапlэ драгъэблэгъати, хэт и адэ, хэт и къуэш нэхъыжь, хэт и адэшхуэ хэкlуэдат а зауэм – гугъу ехьхэрт. Абхъазхэр зэрыдикъуэшыр абы щыгъуэ зыхэсщlат, сигури ящlэузат.

Гукъэкlыж куэд си Iэщlагъэм тыгъэ къысхуищlащ!

Зыгъэхьэзырар
***ДЫДЖЭ Каринэщ***



# МАЗЭМ ДЖАНЭ ЩIИМЫIIЭР

Мазэм мурад ищIащ джанэ иригъэдыну.
Дэрбзэрым абы щаихъэ трихри дэну тIысащ. ПIалъэ
кърatам ирихьэлIэу мазэр къокIуэ, джанэр ихьыжыну.
Арищхьэкlэ джанэр зэвыIуэрэ кIэщIыIуэу къыщIокI.
– Сыщыуауэ къыщIэкIыниц, – жи дэрбзэрым.
Аргуэру бзэрэ дэуэ мэтIысыж.
ПIалъэр къэсри мазэр къэкIуащ, джанэр ихьыжыну.
Аргуэру джанэр къоцIыкIуэкI.
– Иджыри сыщыуа хуэдэщ, – жи дэрбзэрым.
Аргуэру бзэрэ дэуэ мэтIысыж.
Ещанэуи къокIуэ мазэр дэрбзэрым деж.
Дэрбзэрым къелъагъу, уафэ джабэм
кIэрыту мазэр къакIуэу: иджы ар
мазэ ныкъуэжтэкъым, ар из хъуауэ
мазэ хъурейт, джанэ хуащIам
нэхърэ тIэкIукIэ нэхъ гъуму.
Сыт ищIэжынт дэрбзэрым?
ЩIэихъуэри ежьэжащ.
Мазэр куэдрэ лъыхъуащ абы,
ауэ игъуэтыжакъым.
Мис а щыкIэм тету
мазэр джанэншэ ищIанэу къэнащ.

Зытхыжар
*КЪАШЫРГЪЭ Фатимэщ*















## «Нур» журналым и еджакIуэ цIыкIухэ!

**«Нур еджакIуэ-2020»** зэпеуэм хэтыну гукъыдэж зиIэ псори фыкъыдогъэблагъэ. Сыт-тIэ фщIэн хуейр? Мы напэкIуэцIым ит **щыхьэт тхылъыр** къыхэвгъэж, итхапхъэр ифтхэ, фи сурэтыр тевгъапщIи пощткIэ къытхуевгъэхь.

АдэкIэ фщIэн хуейр: мазийкIэ ди журналым къытехуэнущ тхылъ цIыкIу теплъэ зиIэ псалъалъэ. КъыдэкIыгъуэ къэскIэ журналым ар къыщыхэвгъэж, пшынэм хуэдэу зэкIуэцIыфлъхьэ, тетыр зэвгъащIэ. А напэкIуэцIхэм итхэми нэIуасэ зыхуэфщI.

ЗэвгъэщIа псом ятеухуа джэгу-зэпеуэ бжьыхьэм Налшык къалэ щекIуэкIынущ. Абы щытекIуам **«Нур еджакIуэ-2020»** зэпеуэм и дамыгъэр хуагъэфэщэнущ, саугъэтхэр дэщIыгъуу.

*Ди электрон адресыр:* **masirat-bekanova@mail.ru**

*КъыдэкIыгъуэр зытеухуар IэщIагъэхэрщ. Мыбы итыр мащIэ дыдэщ. Фи нэхъыжьхэм я деж къыщыфщIэ адрей IэщIагъэхэм адыгэбзэкIэ зэреджэр, фи гум ивубыдэ. Фигу ирихь IэщIагъэм теухуа фи гупсысэхэр къытхуэфтх.*





егъэджакIуэ



гъэсакIуэ



ухуакIуэ



тхакIуэ

**Гугъу уехьу къэблэжьыр IэфIщ.**

**Жыгыр зыгъэдахэр пхъэщхьэмыщхьэщ,**
**ЦIыхур зыгъэбжьыфIэр и IуэхущIафэрщ.**

**Лэжьэным хэзагъэр щIэныгъэми хогъуазэ.**

**Лэжьыгъэм уегъэлъапIэ, щхьэхынагъэм уегъэпуд.**

**Узэгугъур къогугъуж, узэлIалIэр къолIэлIэж.**

**ФIыуэ плъагъу Iуэхум Iэр хуэпсынщIэщ.**

**ЦIыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ.**

**Уи Iэм и пэ уи щхьэр гъэлажьэ.**

сурэтыр

Унэцiэр

Цiэр

Еджапiэр

Къуажэр е къалэр

Іэ



гъукІэ

щІа



пхъащІэ

гъэ



пощтзехьэ

хэр



кхъуэщыныщІ

Зэбгъащlэр lэщlагъэщи, умыщlэр lэщlыбщ.

Къыумылэжьар гъэкlуэдыгъуафlэщ.

lэщlагъэ зиlэ и lэпэ дыщэ къыпощ.

lуэху щlэкlэ зымыщlэр lуэху щlэным егъалlэ.

Къамылыбжьэ плъыжьыбзищым
Шыбжиищхьэ плъыжьыбзищ илъщ.

Щакlуэ щlакъуэм
Щlакlуэ щlагъым
Щlакхъуэ никъуэ
Щlэлъу ехь.

Бдзапцlэ пцlанэ,
Бдзапцlэ цlынэ,
А гъущl цlынэр
Хъун гъущl lунэ?

lэпхъуалъэ фlыцlэ –
Псырылъэ цlу,
Псырылъэ фlыцlэ –
lэпхъуалъэ цlу.

Лэныстэ-мастэ
Къэбыстэ-пlастэ.

Уэдыдыд, ди дадэ дыдыр
Дэдубыдым, быдэу едыр.

Іэ



дэрбзэр

щІа



пщафІэ

гъэ



тыкуэнтет

хэр



мафІэгузехуэ

## ПЭЖУ ЗЭХУЭФХЬЫЖ:

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Мэлхэр зыгъэхъур | джэдыхъуэщ. |
| 2 | Жэмхэр зыгъэхъур | бжэныхъуэщ. |
| 3 | Шыхэр зыгъэхъур | къазыхъуэщ. |
| 4 | Бжэнхэр зыгъэхъур | мэлыхъуэщ. |
| 5 | Іэщхэр зыгъэхъур | бжьахъуэщ. |
| 6 | Джэдхэр зыгъэхъур | жэмыхъуэщ. |
| 7 | Къазхэр зыгъэхъур | шыхъуэщ. |
| 8 | Бжьэхэр зыгъэхъур | Іэщыхъуэщ. |

**Псалъэзэблэдзым ІэщІагъэхэм зэреджэхэр ифтхэж, абы ит хьэрфхэр фи тегъэщІапІэу. Къыхэгъэща зэпэплІимэхэм ифтха хьэрфхэм нэгъуэщІ ІэщІагъэм зэреджэр къыхэфщІыкІ.**




Зыгъэхьэзырар ***БЕКЪАН Масирэтщ***






# Бзу анэм и уэрэд

*Сабийми балигъми ягу хэзыгъахъуэ Іуэхугъуэт «Бзу анэм и уэрэд» мюзиклыр. Уэрэдымрэ къафэмрэ я театр «Амиксым» ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щигъэлъэгъуащ. Мюзиклыр зи ІэдакъэщІэкІ усакІуэ-уэрэдус* ***ВЫНДЫЖЬ Марие*** *«Нурым» и хьэщІэщ.*

***– «Бзу анэм и уэрэд» фІэщыгъэцІэр щхьэ къыхэпха?***

– Сабийхэм я гур дахагъэм хуэзгъэушэну сыхъуапсэрт. Аслъэн, къаплъэн, дыгъужьхэр бзаджэхэщ, зэрошх, уд фызыжь, нэжьгъущІыдзэхэми фІым ухуашэнкъым, – жысІэу сегупсысащ. – Сыт щыІэ анэм и макъым хуэдэу гурыхьрэ дахагъэм ухуэзышэрэ? Хэт къуалэбзуубзэу зи быныр пщэдджыжькІэ къэзыгъэушыр, гущэкъу уэрэдкІэ зыгъэжеижыр? Анэрщ. Ауэ щыхъукІэ, бзу анэращ зи уэрэд жыІэн хуейри.

***– Мюзиклыр щІэптхам и щхьэусыгъуэр сыт?***

– Ар зигу къэкІар композитор **Къэбэрдокъуэ Борисщ.** «Мюзикл дыгъэтх, – щыжиІэм, ар зэратхыр зэрызмыщІэр жесІащ. – Сэ уэстынщ абы ухэзыгъэгъуэзэн тхыгъэ, уэ езым занщІэу къэпхъуэтэнущ. Мыр си нэ къызыхуикІ Іуэхущи, сыпсэуху дыгъэтх, – щыжиІэм, арэзы сыхъуащ. ЖыІэгъуафІэ щхьэкІэ гъэзэщІэгъуафІэтэкъым – куэдрэ сыпэтащ.«Ди сабийм къагурыІуэнкъым» жысІэу сригузавэрт, ауэ занщІэу япхъуэтащ! Уи псэр зыхэплъхьар зыхуэпщІэм къыщыгурыІуэм деж – гуфІэгъуэшхуэщ.

***– Мюзиклыр уэзыгъэтхар Къэбэрдокъуэрщ, зыгъэувар Къулырщ...***

– Пэжщ, ар ттхын дыхунэмысауэ Къэбэрдокъуэр дунейм ехыжат. **Къул Амир** утыку сыкъринакъыми, фІыщІэшхуэ хузощІ. Абыи и щыпэтхт мюзиклыр, ауэ Къулым хуэдэ цІыху пэж уигъэлъыхъуэнщ. ЖиІамэ – игъэзэщІэнущ.

***– Режиссерыр хэт?***

– Лэжьыгъэр сценэм ипхьэнумэ, режиссер ухуейщ. Хэт и гугъэнт Москва Щукиным и цІэкІэ щыІэ училищэм режиссурэм щыхуеджа ныбжьыщІэхэу **Къул Даянэрэ Джэшей Албэчрэ** ди мюзиклыр я япэ лэжьыгъэ хъуну! АпхуэдизкІэ а ныбжьыщІитІым абы псэ халъхьати, псысэм ухашауэ къыпщагъэхъурт. Сабийхэри зыІэпишауэ къуаргъыжьыр Іуахужыну къыщылъэтауэ Іэ ящІырт, зэрызехьэхэт.

А сабийхэм я еплъыкІэр слъэгъуа нэужь, «Сыту фІыт режиссер диІэ хъуху, дызэрыпэплъар» жысІэжащ. Ди гуапэщ бзум хуэдэу ди мюзиклыри лъэтэну!

***– Сабийр зэрыдгъафІэ лэжьыгъэу щыІэр мащІэщ. Тхьэм куэд фхуэзэфІигъэкІ, Марие, фи гупым. Мы тхыгъэри гъуэгугъэгушхуэ фхуэхъуну дывохъуэхъу «Нурым» и лэжьакІуэхэр.***

*Епсэлъар* ***ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ***

*Кхъуэщыныщl Iэщlагъэ дахэр къоцlэрэщlэж. Ар зи фlыщlэ* ***Хьэцlыкlу Миланэ*** *и пщlэр згъэлъагэу мы тхыгъэм селэжьащ. Езыми мы хъыбарым «фащэ хуидащ». Ятlэгъуэплъ Iэгубжьэ сурэтхэмкlэ игъэщlэрэщlащ.*

**АБРОКЪУЭ Беллэ**



# Ятlэгъуэплъ Iэгубжьэ

*(Керамическая чашка)*



Щыlащ-псэуащ зы щlалэ. Абы пасэрей хьэпшып цlыкlуфэкlухэр зэхуихьэсырт. Зэгуэрым ар бзэзрым тету и нэр тохуэ зы Iэгубжьэ цlыкlу. Сытым хуэдэу дахэт! Ахъшэу иlыгъыр щlетри къещэху. Унэм къызэрысыжу ар къещтэри: «Сыту узэкlуж уи теплъэкlи уи плъыфэкlи», – жиlэу егъэкlэрахъуэ. Арыххэу Iэгубжьэр къопсалъэ:

– Сэ мыпхуэдэу сыщыта уи гугъэ? СыятIэ тыкъыру илъэс мин бжыгъэкlэ щlым сыхэлъащ, теплъи, плъыфи, зы гупсыси симыlэу. Лlэщlыгъуэхэр си пащхьэм щызэблэкlт, цlыхухэр зэзауэрт, зэкlужт… Зэгуэрым кхъуэщыныщlыр блэкl пэтрэ сыкъилъагъури щlым сыкъыхихащ. Сыгуфlэну сыхунэмыс щlыкlэ и лъэщапlэ унэм сихьщ, стlолым сытриупцlэри еуэ сишыхьу, сишытlэу, сипщу, къызэуэу щlидзащ. «Уэуэур си махуи!» – узым сигъэундэрэщхъуауэ сыщlокlие:



– Хъунти иджы! Скlэрыкlыт! Сыкъыздэпщтам сыхьы-ыы-ж!

Ар къыпогуфlыкl, итlанэ зэпишу жеlэ:

– У-мы-пlа-щlэ.

Арыххэу сыкъещтэри гъуаплъэшэрхъым сытрелъхьэ. Уэ дуней, абы апхуэдизкlэ псынщlэу сигъэкlэрэхъуэн щlидзати, си щхьэр унэзауэ пшагъуэ фlэкlа слъагъужтэкъым. Согуlэ:

– Пщlэр сыт?! Къэгъэувыlэ мы емынэ шэрхъыр, си нэвагъуэр солъагъужжж!..

– Умыпlащlэ, – жиlэурэ и Iэпэ псыгъуэхэмкlэ къызодэхащlэ, къыстолъэщlыхь кхъуэщыныщlыр. Зыгуэр къысхищlыкlыну яужь иту аращ. Сытми, шэрхъым сыкъытрехыжри хьэку плъам срегъэувэ. Уи фlэщ зэрыхъун, апхуэдэ хуабэ щыlэу сымыщlакlэ.

– Уэй-ихь! – блащхъуэжьейм седжэу сокlий, бжэр Iусхыну сыхэту:

– Жыхьэнэмэ мафlэри мыпхуэдизу пщтыркъым, сыкъиххх! Сесыжыпэээ!

Хьэкум иIэ абджымкIэ кхъуэщтынышщIыр къызоплъри и Iупэ Iущащэм жиIэм сыкъоджэ:

– У-мы-пIа-щIэ!

Мис иджы си псэр хокI, щыжысIэ дыдэм ноIэбэри сыкъреххыж. Сыбэуэжащ. Сыкъелащ. ЗыкъэсщIэжащ. «Сыту фIы упсэуну!» – щыжысIэ дыдэм кхъуэщтынышщIым сыкъещтэ, къызосэбауэри силэну хуожьэ. Адыдыд, анынын, сэ зы мэ гуащIэ къысIурыуати, сигъалIэ пэтащ.СыщэIуу солъэIу:

– КхъыIэ, гущIэгъу къысхуэщI. СыпфIэгуэныхькъэ? КъызумыщIэу сыт къэбгъэнэжа?

– УмыпIащIэ, – и щхьэр ещI кхъуэщтынышщIым. Къысщихуам и мэм симыгъалIэу сыкъелащ, щыжысIэ дыдэм аргуэру хьэку плъам сригъэуващ. Мыр япэрейм нэхърэ нэхъ пщтырыжу къыщыщIэкIым, занщIэу къызгурыIуащ: «Си ажалыр къэсащ». СолъаIуэ, сокIий, согубжь… щысхуэмышэчыжым сыгъащ. АрщхьэкIэ нэпс дыдэ къысхэмыкIыжу хьэкум сежьэ, сэри къызгуроIуэ: си гъащIэм и иужь дыдэ дакъикъэщ! КIыфIым сыкIуэцIрыху пэтрэ... кхъуэщтынышщIыр ноIэбэри хуабжьу сакъыу хьэкум сыкърехри сегъэувыж. СыупщIыIужа иужь, гъуджэ къысхуехь.

– Зэплъыжыт.

Сэ гъуджэм соплъэри сыкъоуIэбжь: – Мыр сэракъым!

Иджы япэу макъ щабэкIэ гущIэгъу хэлъу къызопсалъэ кхъуэщтынышщIыр (алъандэрэ псэ схэту имыщIа нэхъей):

– Уэ мыращ узэрыхъун хуейр. УспIытIу, усшытIэу укъыщIесхуэкIар пкIуэцIыт хьэуар къыпхэсхунути аращ. Армыхъумэ, укъэчэнут. А узэпэма лэчымэ гуащIэр мыхъуамэ, угъуабжэлъабжэу, адрей ятIэхэм уакъыхэмыщу уи гъащIэр пхьынут. Хьэку жьэражьэм нэхъ гъэунэхупIэ уиIакъым! Абы уипсыхьри быдэ уищIащ, лIэщIыгъуэхэри къыппэмылъэщыну. ЯтIэ Iэмыщ1эр узэрыIэгубжьэ телъыджэм еплъыжыт иджы. Уэ нэгъуэщI ухъуащ!

*ЯтIэгъуэплъ Iэгубжьэр нобэми цIыхум зэIэпахыу зэрахьэ, ар зылъагъур кхъуэщтынышщI Iэщlагъэм ехъуапсэу.*










# ХЭТ НЭХЪ ЛЪЭЩ?



Пкlэлъейм узэрыдэкlуейм хуэдэу, укърегъэхыжыф

Кхъуейм джэгум ухеуд

Хьэрэкlытlэм занщlэу утрегъакlуэ




*Мы журналым итщ псалъэжь, псынщlэрыпсалъэ. Ахэр къэгъэсэбэп.*

1. Лэжьыгъэм уегъэлъапlэ, щхьэхынагъэм сыт къуищlэр? *(псалъэжьхэм щылъыхъуэ)*
2. Цlыхум и уасэр къызэралъытэр дауэ? *(псалъэжьхэм щылъыхъуэ)*

1. Псынщlэрыпсалъэр щэнейрэ жылэ: лэныстэ-мастэ къэбыстэ-пlастэ.
2. Узыхуей псынщlэрыпсалъэр журналым итхэм къахэхи щэнейрэ жылэ.

Зыгъэхьэзырар **_ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ_**

# «ЗЭМАНЫМ ПХРЫКІЫУ»
## гъэлъэгъуэныгъэм хэта лэжьыгъэхэр

Зи Іэщlагъэм щехъулlэ цlыхухэщ пхъэмрэ гъуаплъэмрэ зыlущl ***Тхьэзэплъыж Руслан,*** арджэныщl ***Мэзло Руслан,*** упщlэм, цым елэжь ***Хьэлилэ Миланэ***. Щыри цlэрыlуэщ, я Іэщlагъэхэмкlэ нобэ диlэ Іэпщlэлъапщlэхэм я нэхъыфlщ.










НУР

***ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»***

Издается
С 1 января 1982 года
№ 1 2020 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Набор и вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КУРАШИНОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 16.01. 2020 г.
Выход в свет 31.01. 2020 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 3600 экз.
Заказ № 114
Индекс П 5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30

**nur.kbr1982@yandex.ru**



Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.